

## ENFÒMASYON SOU MIZAJOU NAN REGILASYON K AP VINI

Biwo Massachusetts Environmental Policy Act (MEPA) ki andedan Executive Office of Energy and Environmental Affairs (EEA) fè revizyon enpak anviwònmanal pou pwojè devlopman ak lòt aktivite ki mande you aksyon nan men ajans eta a oswa plis. Pwosesis revizyon MEPA a bay okazyon siyifikatif pou revizyon piblik pou enpak anviwònmanal potansyèl avan ajans eta a pran aksyon sou pwojè a.

Biwo MEPA a angaje nan yon efò revizyon regilasyon pou mete regilasyon li yo nan 301 CMR 11.00 avèk politik ak direktiv ki gen rapò avèk li ajou. Efò sa a konyenside avèk inisyativ nan tout eta a ki dirije pa EEA anba Dekrè Egzekitif Gouvènè Baker 569 pou prepare pou enpak chanjman klima.

Biwo MEPA a ap aksepte kòmantè jeneral avèk sigjesyon pou mizajou nan regilasyon. Domèn kle pou kontribisyon piblik yo dekri nan yon prezantasyon, ki disponib [isi](#).

Moun kapab voye kòmantè sou regilasyon MEPA yo nan [MEPA-regs@mass.gov](mailto:MEPA-regs@mass.gov), jiska **31 mas 2021**.

Pandan efò sa a kontinyèl, Biwo MEPA a ap pwopoze pou li emèt de pwotokòl pwovizwa konsènan adaptasyon chanjman klima avèk sansibilizasyon jistis anviwònmanal, ki disponib sou lyen anba a.

Moun kapab voye kòmantè sou bouyon pwotokòl yo nan [MEPA-regs@mass.gov](mailto:MEPA-regs@mass.gov), jiska **10 mas 2021**.

Pou abònman pou resevwa mizajou regilyèman konsènan efò revizyon regilasyon MEPA a, tanpri voye yon imèl vid bay [subscribe-mepa\\_reg\\_review@listserv.state.ma.us](mailto:subscribe-mepa_reg_review@listserv.state.ma.us). Tanpri asire toulede liy sijè a avèk kò imèl la vid epi imèl la pa genyen yon siyati otomatik ladan li, sinon nou p ap ajoute adrès imèl ou sou listserv lan.

Pou mande tradiksyon materyèl alekri yo konsènan efò revizyon regilasyon MEPA a, tanpri kontakte [page.czepiga@mass.gov](mailto:page.czepiga@mass.gov) epi spesifye dokiman w ap mande a.

Mizajou kontinyèl pou efò revizyon regilasyon MEPA a ap poste sou <http://mass.gov/service-details/information-about-upcoming-regulatory-updates>.